

“Lè Li moute anwo Li bay
lèzòm anpil kado.”



*Temwayaj pèsonèl Reveran William Branham
sou vini don w-an*



Reveran William Marrion Branham

“Lè Li moute anwo Li bay lèzòm anpil kado.”

Pou sa k konsène fason don gerizon sa a te vini an, mwen kap sèlman rakonte ou eksperians nan jan li te vin jwenn mwen an. Mwen kwè sensèman e onètman Bondye te destine don yo depi davans. Anpil moun pa kwè nan destine depi davans, men lèzekriti pwouve genyen anpil evennman nan Bib la Bondye te destine depi davans. Men yon ekzanp, nesans Kris la te destine depi davans nan Jaden Edenn. Epi 712 lanne konsa anvan Jan Batis te vini, Ezayi te wè l epi l te pale de li kòm vwa nonm kap rele nan dezè a. Pwofèt Jeremi te di anvan li te fòme nan vant manman l, Bondye te konnen l epi Li te destine l pou l te kap pwofèt sou nasyon yo. Mwen kwè don sa a te destine depi davans poutèt rezon sa a tou : M pat konn pratike okenn relijyon. Relijyon paran m yo te diferan youn ak lòt epi poutèt sa, mwen pat janm konn al legliz.

Premye fwa mwen te gen yon lide sou sa lavni te sere, mwen te gen setan konsa, mwen te fèk antre lekòl nan yon seksyon riral ki a kèk kilomèt lan nò Jeffersonville, nan Indiana, kote papa m tap travay kòm chofè prive pou yon fanmi ki te rich anpil. Mwen te toujou renmen fè lapèch ak lachas...menm konvèsyon m pat wete sa nan mwen...epi yon fen apremidi lan mwa septanm kèk lan jenn gason yo tal desann nan yon ti lak chaje ak pwason pou yo fè lapèch, men se mwen k te gen pou m tal bote dlo pou papa m. Sa fè m lapenn pou m di ou sa yo ta pral fè ak dlo sa a. Papa m te konn bwè tafya anpil, epi nan okazyon espesyal sa a yo tap fè wiski, kifè m te dwe al

bote dlo pou m mete nan gildiv yo, ki tap fonksyone jou swa sa a. Antan m tap desann nan yon ti rout, mwen mete ti bokit siro m yo atè epi m lage m anba yon pye bwa pou m te ka repoze m yon ti moman, mwen tap kriye poutèt m pat kapab al fè lapèch ak lòt jenn gason yo. Antan m te chita anba pye bwa a, gen yon bagay ki te pase epi m pap janm kap bliye. Li sanble, te gen yon bwi van ki tap soufle nan fèy yo, men, lè m leve tèt mwen, m pat wè okenn fèy ki tap sekwe ni yon ti tak van. M te chita trankil, mwen te pè epi m tap mande m ki kote bwi sa a soti, lè m te tandè l ankò, kifè mwen ranmase bokit mwen yo epi m te konmanse mache sou ti rout la. Fwa sa a li te tounen ankò, pi fò pase jan l te ye anvan, epi tan m tap vire tèt mwen pou m te kap wè sa k te pase, mwen te wè anwo prèske nan mitan pye bwa a sanble te gen yon toubiyon van, te gen yon vwa ki tap pale byen klè ladan l epi li te di : “Pinga ou janm fimen, ni bwè, ni sal kò w ak anyen, paske gen yon travay ou genyen pou ou fè lè wa vin pi gran.” Mwen te sitèlman pè m pat konnen ki sa pou m fè. Mwen tap rele epi m tap kouri pou m al lakay mwen, mwen te vin tonbe nan bra manman m, ki te panse yon koulèv te pike m. Mwen te di li m te gen laperèz, konsa li annik mete m sou yon kabann epi l tapral rele yon doktè, paske li panse m tap soufri ak yon kriz nè. Enbyen, zanmi m yo, mwen konnen gen anpil moun ki kap pase istwa sa a nan tenten, men m pa kap responsab pou sa lòt yo di. . . M responsab sèlman pou pwòp eksperians pam. M pa bezwen di ou, m pat janm pase bò kot pye bwa a ankò. Mwen te pito fè yon detou bò lòt kote jaden an pou m te ka evite l, paske mwen panse te gen yon nonm sou tèt pye bwa sa a. Mwen kwè jouk koulye-a te gen yon nonm nan pye bwa a. Se te zanj Bondye a, epi kèk lanne apre sa, mwen te kontre ak li fas pou fas epi m te pale avè l.

Kèk semèn apre sa, mwen tap jwe mab ak yon frè m, lò m te santi yon sansasyon etranj vin sou mwen. M te faya anba yon pye bwa, epi, tankou m te nan yon ekstaz, mwen te wè yo bati yon gro pon ki te travèse rivyè a, epi antan m tap gade m te wè yon kantite moun ki te tonbe nan rivyè a epi yo te mouri neye. Lè m te reprann mwen, m te pran kouri epi m te rakonté manman m, epi li te kwè ankò mwen se yon ti moun ki gen pwoblèm nè. Vennde lanne apre sa, yo te bati pon Minisipal la sou Larivyè Ohio, epi menm kantite travayè yo te mouri neye, lè yo te tonbe sou pon an. Ou wè, bagay sa yo pat vini akòz la priyè ni akòz yon dezi, men volonte divin Bondye te destine yo depi davans.

Lòt evennman menm jan an te rive yon jou konsa antan m tapral larivyè avèk papam ak yon lòt mesye. Yo te ofri m yon vè wiski, epi paske m te vle mesye a fè m favè pou l te kite m prete bato l la, m te konmanse pral bwè l. Men mwen kwè tout bon lan sa m ap palé jòdi a, mwen te tandè bwi sa a tankou lè fèy yo ap soufle. M gade ozalantou, m pa wè ni fèy yo ni yon tak van, mwen te mete boutèy la lan bouch mwen ankò, lò mwen te tandè menm bwi a, sèl bagay li te pi fò. Laperèz te pran m jan l te ye anvan; mwen te jete boutèy la epi m te pran kouri, lè pwòp papa m tap rele m fifi. O, sa te fè mal anpil! Pita ankò, yon ti zanmi fi m te genyen lè m te jennjan te rele m fifi paske m te di l m pat konn fimen. Pase li tap pase m nan betiz la te fè m fache, mwen te pran sigarèt la pou m te fimen l tout bon; lè sa a menm bwi sa a m te abitye tandè a te rete m, li te fè m jete sigarèt la atè, epi m te pati kite plas la ap kriye paske m te wè m pat kapab menm jan ak lòt jennjan yo, antan zòrèy mwen te tandè foul la kap pase m nan rizib. Sa yo se sèlman yon ti twòkèt nan yon pil bagay kon sa ki te pase m diran tout vi m. Sansasyon etranj sa a te toujou la, tankou yon moun ki kanpe bò kote m, kap eseye di

m yon bagay, epi espesialman lè m te poukont mwen. Se kòm si pèsonn moun pat konprann mwen ditou. Jenn gason m ta gen pou m frekante yo pat vle genyen okenn relasyon avè m paske m pat vle ni fimen ni bwè, epi lè tout ti fi yo te konn al lan bal, m-pat janm kapab ale tou, kifè sanble diran tout vi m mwen te yon bèt nwè, m pat konn yon moun ki te konprann mwen, menm mwen menm m pat kapab konprann mwen. Men mwen pat konnen lan tan sa a ki sa gran lavni te sere tankou jan m konnen l koulye-a.

Lòt evennman enpòtan m sonje k te pase lè m te prèske gen diznevan konsa. Mwen tap pwonmennen lan kanaval yon jou swa ansanm ak kèk lòt jenn gason, lè yon vwa te rele : “Tande, ou menm! Vini m pale ou!” Lè m gade dèyè, mwen te wè yon jenn dam ki te chita anba yon tant, se te yon divinò. Li te fè m yon sign pou m vin jwenn li, epi, lè m panse li te bezwen m fè yon bagay pou li, mwen te obeyi. Li te di : “Tande, èske w konnen ou ne sou yon sign epi ou gen yon zetwal kap suiv ou? Ou ne avèk yon don.” Se sèten, jenn gason yo te konmanse takine m sou zafè ‘don m nan’, kifè mwen te eseye pase sou sa ak kèk remak m tap fè dam nan, ki te di m menm si m fache kont li pou sa l di m nan, yon jou map konprann sa l te vle di m nan. Mwen te eseye chase bagay sa yo nan panse m, lè m tap fè tout kalite travay, san m pa janm satisfè, m tap kouri a dwat a gòch, m te gen pou m soufri poutèt lanmò madanm mwen ak bebe m nan, ak yon pil lòt chagren ki te prèske pi plis pase sa kè yon moun ta kap pote. Mwen te chache lapè ak satisfaksyon nan tout kalite bagay ou ta kapab imajine, men sanble gen yon ti plas bò senkyèm zo kòt lòm ki mezire arebò di pous e ki pap janm ranpli toutotan Kris pa antre ladan l. Epi malgre tout lapenn pa m yo, te toujou gen sansasyon yon bagay ki pandye sou tèt mwen, pou ogmante mizè m. Pou m fini, lanmou m te

genyen pou lanati te mennen m nan yon dyòb kòm gadchas pou leta Indiana, sa te konn fè m vwayaje plizyè kote nan peyi a.

Yon jou mwen te kanpe nan yon otobis boure ak moun ki ta pral Henryville, nan Indiana, epi, kòm m te santi gen yon moun ki tap gade m, mwen te tounen epi jye m te tonbe nan de grenn jye koulè gri ajan yon dam ki te parèt byen bèl. Li te di m : “Ou chagren, pa vre?”

“Non, madanm”, m te reponn li epi m te kontinye ap gade lan fenèt la, antan m tap panse ke se inifòm lan ki te atire l epi l te annik vle pale.

Li te di m ankò : “M ta dwe petèt pale w de mwen. Mwen se yon divinò.”

“Bon”, m panse, “Petèt m ta fè byen tande sa l gen pou l di.”

“Ou pa renmen bagay sa menm, pa vre?”

“Oui madanm, m pa renmen sa.”

“Ou panse m vle pale avè w sou zafè relijyon, pa vre?”

“M pa konnen.”

“Ou lan relijyon, pa vre?”

“Non madanm.”

“Petèt m ta kapab di ou yon ti kichòy sou ou menm. Ou sòti nan Lwès, pa vre?” Se sa l te mande m.

“Non madanm.”

“Ki fè, ou vle ale nan Lwès.”

“Enbyen, sa diferan. M te toujou gen anvi al nan Lwès”, m te reponn, m panse m tap ba li chenn pou l kap pale pou m te kap konpare l ak sa lòt divinò an te gen pou l di.

“Rezon an se akòz jan ou te fèt la”, li te kontinye pale.

“Kisa ou konnen sou jan m te fèt?” M te mande sa ak kiryozi.

“Jennjan, si m di ou ekzakteman ki lè ou te fèt, èske wap kwè m?”

Mwen te reponn: “Enbyen, mwen se yon fondamantalis nèt, épi si yon moun di m laverite, mwen dwe kwè l.” Epi m kwè sa ankò – si se vre, se vre.

Enbyen, pa mande m kòman li te fè l, li te di m nan ki minit menm mwen te fèt. Te gen yon jenn maren ki te kanpe dèyèm nan, epi m te mande l si l te kap di li ki lè li te fèt. Li te di m li pat kapab, epi, mwen pat kap konprann sa, mwen te mande l pou kisa li te kap di m epi li pat kapab di li. Li te di m se paske te gen yon sign kap swiv mwen. . . epi kè m te sere, paske mwen te retande tou pi menm bagay ke lòt yo te konn di m nan. Li te mande m si yon divinò pat janm pale avè m deja, epi m te di l non, m tap bay dam nan manti.

“Eske ou konn yon ti kichòy sou Jezikri?” li te mande m.

“Se li ki te dwe pitit Bondye a dapre sa m konnen”, se tout sa apeprè m te kap di.

“Eske ou konnen kòman l te fèt? . . . Kilès ki te vin adore l anvan?”

“Twa wamaj yo, si m sonje byen.”

“Ki sa yo tap swiv?” Li te kontinye ap pale.

“Yon zetwal, mwen kwè.”

“Se sa. Kifè yo dwe te divinò, paske yo te konn ap obsève zetwal yo”, se sa l te di. “Jennjan, m pale ak moun

ki nan Mezon Blanch. M te avèti prezidan Harding kòman l te dwe mouri dròl, kifè mwen gen kichòy pou m di w. Ou fèt anba yon zetwal paske ou se yon moun ki gen yon don. Okenn minis levanjil pat janm di ou sa?”

“M pa gen anyen pou m wè ak minis levanjil yo”, mwen te reponn.

“Tande m alèkile : Lè Jezikri te fèt, te gen twa wamaj ki te soti nan Lès ki tap swiv yon zetwal jan tout moun konnen l nan ; men pou tout bon te genyen twa zetoual ki te rankontre nan lavil Betleyèm, epi ki te kwaze ansanm, pou yo te fòme yon sèl zetwal ki te pandye sou tèt Kris la. Lan tan sa a, Bondye te voye pi gwo Kado Li pat janm bay lèzòm, sèl Pitit Li a. Lè wamaj yo te fin ale, twa zetwal sa yo te separe youn ak lòt e yo pa janm kwaze ansanm ankò depi lè sa a. Bondye toujou layite zèv Li yo nan syèl la anvan Li pibliye yo sou tè a, epi wamaj sa yo tap obsève pwofesi pwofèt Balaam te fè konsènan yon zetwal ki te dwe sòti nan Jakòb”, li te kontinye ap pale, li tap site yon pakèt vèsè biblik mwen pat konnen, men mwen tap koute l ak atansyon pandan l tap pale. “Koulye-a zetwal sa yo pa janm vin kwaze ansanm ankò, men chak kèk lanne konsa yo kwaze òbit yo ansanm, epi lè sa fèt sa vle di rann omaj pou nesans Jezi, gen yon lòt kado latè resevwa. Epi lè ou te fèt, zetwal sa yo te kwaze. Te gen yon zetwal ki tap swiv ou lè ou te moute otobis la nan Jeffersonville ; Mwen te wè zetwal la sou tèt ou, e m pa kap konprann pou ki sa okenn lòt moun pat di ou anyen sou sa anvan.

Poutèt pou okenn moun pa mal konprann, m pral moutre pita pratike lastroloji se yon bagay ki pa biblik epi ki pa fèt pou Kreyen ap jwe avè l (Ezayi 47:13-14) epi eksplikasyon an divinò a bay konsènan zetwal Kris la sa se afè pa l, lèfini

li pa nan lèzekriti. Men selon lèzekriti fòk menm Satan bay temwayaj sou don Bondye a e se poutèt sa mwen repete konvèsasyon sa yo.

Kifè, ou kap imajine w kòman m te santi m. Tan m te rive kote m ta prale a, m di dam nan mèsis epi m desann otobis la, men mwen pat kapab chase sansasyon etranj sa a ki te pandye anlè m san rete, ki te lakòz mwen sou nè epi ap fè kolè, ki te rann mwen mizerab lè m lan mitan moun, men m pat renmen rete pou kont mwen, paske m te konn pè pou van an pa soufle. “Ki sa tout bagay sa yo vle di?” Se sa m te konn ap mande m toutan. Kèk tan apre sa mwen te konvèti e m te bay Kris vi m. (Mwen te ekri yon ti istwa tou kout sou vi m nan yon ti liv ki rele “Jezikri se Menm Moun lan Ayè, Jòdi a ak pou Tout Tan.”) Apre mwen te fin konvèti anba yon ti anga ki te dèyè lakay nou an, mwen te mare relasyon ak yon pati nan legliz Batis epi m te vin yon ansyen nan yon legliz lokal, se Dòktè Roy Davis nan Jeffersonville ki te poze men sou mwen. Apre m te fin kraze yon bèl revèy kote sa a anba yon tant, yo te bati yon legliz pou mwen ki toujou tabli nan kwen wityèm ak dizyèm ri, yo rele l Branham Tabènak, epi diran kèk lanne se pa tikras siksè m te genyen kòm minis levanjil, mwen te batize plizyè milye moun e m te wè anpil moun vin konvèti pou glwa Bondye ki gen tout pouvwa a. Menm lè m te konn gen siksè lè m prye pou malad, malgre sa ankò m pat ko konnen kisa tout bagay sa a ye, epi anpil fwa yon pakèt vizyon ak anpil bagay misterye te konn parèt devan m, bagay sa yo anpil moun nan Jeffersonville kap konfime yo. Yon okazyon espesyal m ta kapab pale: mwen te yon kote konsa nan Larivyè Ohio, mwen tap batize yon pakèt pil moun konvèti, latou te genyen yon foul moun ki te rasanble bò rivyè a pou yo te kap asiste sèvis batèm nan. Li te fè cho jou apremidi sa a, epi syèl la

te tankou koulè kwiv, yon gro zetwal klere te vin pandye anlè kote m te kanpe a. Anpil lan nou kap sonje nou te li sa a nan jounal. Li te parèt yon bann fwa ankò depi lè sa a. Kèk tan pase mwen te nan yon gro vil pou m te fè twa reyinyon nan aswè ak plizyè santèn moun. Pou premye moun m te lapriyè a se te yon ti moun piti, maladi polio te fin tòde pye l, li te oblije mache sou zòtèy li. Jan nou te konn fèl nan reyinyon nou yo, oditwa a te chita tèt bese ak lonè respè yo te genyen antan m te kenbe tigason an lan bra m epi m tap lapriyè pou li, lè sa a sanble te genyen yon limyè byen klere ki te fikse sou mwen. M tap mande m pou kisa konsièj la tap maltrete m konsa paske l te fikse gwo limyè pwojektè a sou mwen, antan m te louvri jye m e m tap poze m kesyon, zetwal ki toujou byen klere lè matin an te kanpe drèt devan m! M te depoze ti gason an atè, osinon li te sote sot nan bra m. . . M pat konn sa k te pase, paske sanble tout nè lan kò m te paralize. Sito kò l touche tè a tou de pye l vin nòmral, epi se te premye fwa nan vi l li te mache tou bònman pou l kite estrad la. Oditwa a te tonbe fè bwi; manman ti gason an endispoze; yon tifi nan legliz Nazareyen, ki te zanmi ti gason an, tap jwe chante ki rele “Gran Doktè a” sou pyano, lè li te wè mirak sa a chè Seyè Jezi nou an te fè, li sote sou de pye l epi l kouri kite pyano a yon distans kenz pye konsa, de men l anlè, li tap kriye li tap rele. . . e m konnen sa kap parèt difisil pou w kwè, men plizyè santèn moun kapab konfime sa. . . pyano sila pat janm sote yon sèl nòt, li te kontinye ap jwe menm mizik la. Anpil gwo bagay te pase. Te gen pase plis sètisan moun ki te bay Kris kè yo jou swa sa a. Anpil lan nou ki te la pral li sa a. . . Bondye béni w. M toujou ap eseye fè tout sa m kapab pou Kris.

Koulye-a m pral bay eksplikasyon sou yon kesyon moun poze souvan. Anpil minis Levanjil konn ap mande

m: “Frè Branham, ki sa ou panse sou lastroloji? Eske se gran mèsi pwisans lastroloji ki fè w ap fè bagay sa a, osinon, pou ki sa w ap bay divinò sa yo tout enpòtans sa a devan piblik la paske yo te pwofetize sou bagay sa yo?” Yon sèl bagay m kap di: moutre m yon sèl plas nan lemond kote pwisans lastroloji ap geri malad. Nan mitan tout moun ki konn ap obsève zetwal yo, ki konn ap bat kat yo, divinò yo, ak lòt ankò lemond konnen an, di m ki kote youn te louvri jye yon avèg, ki kote youn te fè yon moun ki soud tande oubyen te fè yon bèbè pale. Gen yon sèl mwayen . . . se lan non Jezikri epi ak san l ki te vèse sou Kalvè a. Men sa k sitèlman etranj pou mwen, (nan jou ki deja pase yo tankou jòdi a,) se jan de bagay tankou sa yo : lè Kado a te kouche la a nan krèch la, prèt yo tap diskite nan tanp lan sou zafè si moun mouri yo ap leve oubyen si yo pap leve, epitou menm lè a, yon gwoup wamaj ki te soti byen lwen te rekonèt Kado Bondye te bay latè. Se sèten, mwen di lastroloji bò kote lòt pwisans nan, men menm demon yo dwe rann temwayaj sou kado Bondye a. Nenpòt moun oubyen nenpòt bagay wamaj sa yo te ye a . . . yo te rann temwayaj sou kado Bondye a epi yo te vin adore l anvan sakrifikatè yo nan tanp lan. Epi lè Pòl ak Silas te nan lavil Filip, sakrifikatè yo ak sèvitè yo nan vil la tap rele yo twonpè e yo te fè yo mete yo nan prizon, te gen yon tifi ki konn ap bat kat ki tap kriye byen fò bay moun yo epi li tap di yo se Bondye ki voye mesye sa yo pou yo ka moutre yo chimen pou yo kab sove. Èske sa pa etranj yon ti fi esklav, ki te posede ak yon movè zespri, te rekonèt pwisans Bondye k te nan Pòl ak Silas, lè moun ki te gen otorite yo pat menm aksepte yo. Èske sa pat etranj, yon lòt bò, lè yon bann moun tap rele Jezi Bèlzebil, demon yo ki te nan yon nonm tap kriye epi yo te di yo te konnen kilès Li ye . . . demon ap konfese divinite L, epi Farizyen

yo ap di Li se demon. Se menm jan li ye jòdi a, anpil moun ap doute, ap goumen youn ak lòt sou doktrinn yo ak konsepsyon yo, epitou y ap anpeche moun yo ale nan sèvis gerizon divinn, pandan kado diven Bondye bay la ap travay sou latè men anpil nan yo rate l. O, kondiktè nan legliz yo! M fè Bondye konfyans na va reveye. Se pa paske se mwen k te fèt pou m pote don sa a, m pa gen anyen pou m wè nan sa. . . se Bondye k te voye l. Lè pitit pèp Izrayèl yo tap kriye lan peyi Lejip pou yo te kap jwenn yon moun pou delivre yo, Bondye te voye zanj li devan Moyiz. Moyiz pat gen anyen pou l te wè nan sa. . . se zanj Bondye a ki te fè travay la, se li k te fè mirak yo. Moyiz se sèlman bouch zanj Bondye a li te ye ; e se tout sa m ye jòdi a. . . sèlman bouch zanj lan.

Mwen dwe pale ou de zanj lan ak tout jan Don an te vini an. M pap janm bliye lè sa a, jou 7 me 1946 sa a. . . yon trè bèl sezon nan lanne a nan Indiana, kote m tap travay ankò kòm gadchas. M te vi n lakay mwen pou m te pran manje midi m, epi m tap pase arebò kay la antan m tap retire fizi m, lè yon trè bon zanmi m vi n kote m epi li mande m pou m al Madison avè l jou apremidi sa a. Mwen te di l li pat posib paske m te gen pou m al fè patrouy, epi pandan m tap mache arebò kay la anba yon pye erab, samble tout tèt pye bwa a te mouri. Sanble gen yon bagay ki te desann nan pye bwa sa a tankou yon gro van ki tap soufle. . . Mwen tap titibe. . . yo te kouri vin kote m. . . madanm mwen te sot nan kay la, tou pè, epi l te mande m sa m genyen. Mwen te eseye sezi kò m, m te chita epi m te di l apre tout vin lanne dròl sa yo yon sansasyon etranj ap ante m, lè a te rive pou m te kap konnen tout bagay sou sa, osinon mwen pap janm tounen ankò. Li te lè l te tan. Mwen te di l orevwa ak tout pitit mwen an, epi m te di l si m pa tounen apre kèk jou, pinga li janm chache m.

Enbyen, moun kap li ti liv sa a, men pati nan eksperians misteè sa a ki gen rapò avèk gerizon w, ki fè fòk nou li nan lapriyè ak prekosyon. Jou apremidi sa a m te ale nan yon ti kote sekrè pou m te kap lapriyè epi li Bib mwen. M te konmanse ap lapriyè tout bon; sanble tout nanm mwen tap soti nan kò m. M te kriye devan Bondye. . . M te mete figi m atè. M te tounen figi m bay Bondye epi m te kriye: “Si ou padonnen m poutèt chimen sa m pran an, m ap eseye fè pi byen pase sa. . . padonnen m poutèt m te sitèlman neglijan pandan tout lanne sa yo nan travay ou te ban m fè a. . . èske w on jan vle pale avè m, Bondye? Si ou pa ede m, m pa kap al pi lwen.” Se konsa lannwit la, arebò onzè konsa, m te sispann lapriyè epi m te chita antan m te wè yon limyè ki tap pwonmennen nan piès la. M panse te gen yon moun ki tap vini ak yon flach klere, m te gade nan fenèt la, men pat gen pèsòn moun, epi lè m te gade ankò, limyè a tap layite atè a, li tap vin pi laj. Koulye-a mwen konnen sa parèt trè etranj pou ou, menm jan l te ye pou mwen an tou, men sonje, gerizon w sa depann si ou kwè ou si ou pa kwè l, jan ou pral wè l pita. Antan limyè a tap layite konsa, se sèten m te konmanse vin eksite depi sou chèz la, men lè m te leve tèt mwen pou m gade, gwo zetwal la te pandye la a. Poutan, li pat genyen senk pwent tankou yon zetwal, men l te sanble pi plis ak yon boul dife osinon yon boul limyè, ki tap klere atè a. Menm lè a m te tande bwi pye yon moun ki tap mache atè a, sa te ban m laperèz ankò, paske m pat konn pèsòn moun ki ta kab vin kote sa a apa mwen menm. Koulye-a, m te wè pye yon nonm ki te sòti nan limyè a ki tap mache vin kote m, menm jan ou menm ou ta va ap mache vin jwenn mwen toubònman. Li te sanble yon nonm ki peze desan liv konsa, daprè balars lèzòm, li te genyen yon ròb blanch sou li, figi l te swa, li

pat gen bab, men cheve l te nwa rive jouk sou zepòl li, li te gen po fonce, ak yon trè bèl lè, epi tan l tap vin pi pre, jye l te tonbe lan jye pa m, epi lè l te wè janm te pè, li te konmanse pale. “Ou pa bezwen pè, mwen sòti nan Prezans Bondye ki gen tout pouvwa a pou m di w vi etranj sa ou genyen an ak fason ou ye moun pa kap konprann lan te fèt pou moutré Bondye te voye ou pou opere yon don gerizon devan lemond. SI OU RETE SENSÈ EPI SI OU RIVE FÈ MOUN YO KWÈ NAN OU, ANYEN PAP KAP REZISTE DEVAN PRIYÈ OU, MENM KANSÈ PAP KAPAB.” M pa gen mo pou m di kòman m te santi m. Li te di m anpil bagay m pa gen plas pou m ekri yo la. Li te di m kòman mwen tap vin kapab detekte maladi yo avèk yon vibrasyon lan menm. Li te ale, men mwen wè l anpil fwa depi lè sa. Li te parèt devan m, petèt youn osinon de fwa nan yon espas si mwa epi li te pale avèk mwen. Kèk fwa li te parèt byen klè devan lòt moun. M pa konn kilès li ye, yon sèl bagay mwen konnen li se mesaje Bondye a pou mwen.

M pa bezwen di w, m te konmanse lapriyè pou moun ki malad. M pap pretann m ap pran plas yon dòktè. . . Mwen kwè Bondye mete dòktè yo isiba pou ede lanati, men sèlman se moun yo ye. . . se Bondye ki gen tout pouvwa. Gwo bagay ki pase pandan venteyen mwa sa yo tròp pou yo konte e pou yo ta menm ekri, men Bondye te konfime pawòl zanj lan chak fwa youn apre lòt. Moun ki soud, moun ki bèbè, moun ki avèg, tout kalite maladi konn geri, epi se pa ti milye temwayaj ki ekri joukjòdi a. M pa gen okenn pouvwa mwen menm pou m fè sa. . . M se yon senp moun ki pa kap fè anyen si m pa santi prezans Li. Anpil nan moun ki konn vin nan sèvis sa yo konnen maladi yo ak peche yo te konn denonse dirèk sou chè a. Moun kap li ti liv sa a, souple pa konprann mwen mal poutèt ti fason pòv, ki pa intelektiyèl sa a mwen pran pou

m konfyè ou tout bagay sa yo. M di ou li pou ou kapab konnen pi klè ki jan pou ou kap pwofite don Bondye a. Li te di m pou m sensè epi pou m rive fè moun yo kwè, e se sa m ap eseye fè. Sonje, pinga nou janm kesyonne kapasite Bondye ; nou konnen li kap fè tout bagay, men pwoblèm nan se rive fè yon moun kwè nan yon lòt moun. Bondye toujou gen yon bagay osinon yon moun pou l itilize, epi mwen se sèlman yon enstriman ke l ap itilize. Okenn mòtèl pa kab vin fè dyòlè pou li di li te fè yon mirak, mwen se yon senp mòtèl. Mwen pa konn konbyen tan ankò Bondye kite pou mwen pou m fè travay sa a, men ak gras Li, mwen vle sèvi l pi byen pase sa m konnen nan fason m ap sèvi pèp Li toutotan Li pèmèt m ap viv.

Pou m fini, pou ou menm kap chache gerizon nan sèvis yo. Pèmèt mwen kite de règleman sa yo pou ou kap swiv, pou ou kap resevwa sa w ap tann nan Bondye a.

1. Ou dwe kwè nan temwayaj m ba ou a, epi don gerizon sa a Seyè Jezikri bay la, se mwayen Bondye founi pou gerizon ou.

2. Pwomèt Bondye pou ou viv pou li ak tout kè ou toutotan ke w ap viv.

Enprime an Kreyol nan Lanne 2007.

HATIAN CREOLE

©2007 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.

www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org